Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 41 (9835) 21 октябрь 2019 с. / Итни 22 Сафар 1441 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru

Райадминистрациялда

## Хасалиде хIадурлъиялда хурхун,..



15 октябралда райадминистрациялда тIобитIана районалъул активалъул иргадулаб данделъи. Гьенире гIахьаллъана районалъул бетIерасул заместителал: З. Н. Эмеев, И. И. Шабазов, И. Б. Салимханов, росабазул администрациябазул бутIрул, учреждениябазегун организациябазе нухмалъулел ва цогидалги жавабиял хIалтIухъаби.

Данделъи байбихьилелде ТIолгороссиялъул **«100 бищун лъикIал предприятиял ва учреждениял»** конкурсалда бергьенлъи босараб Дубки поселокалъул **«Ромашка»** ясли - ахалъе гьениб диплом кьуна.





Гьединго, республикаялъул лъималазул ахазул гьитIичазда гьоркьор тIоритIарал къецазда 3-аб. бакI босараб районалъул тIасабищараб командаги гьениб кIодо гьабуна кубокалдалъун ва грамоталдалъун.

Данделъиялъул хал гьабиялда босун букIана районалъул учреждениябазулгун организациябазул хасалиде хIадурлъиялъул суал.

Гьелда тIасан кIалъай гьабуна архитектураялъулгун бакIал раялъул ва ЖКХялъул отделалъул начальникасул ишал тIуралев ХI. К. ХIадаевас.

Данделъиялъул хал гьабиялде росарал суалал гьенир рича-чвана ва гьаруна рекъон кколел хIукмаби.

***И. Идрисов.***

## Районалъул предпринимателалгун дандчIвай





15 октябралда районалъул бетIер ХI.ХI, Мусаев, Дагъистан республикаялъул предпринимателазул ихтиярал цIуниялъе вихьизавурав хасав вакил Мурад ТIалхIатовгун цадахъ, дандчIвана нилъер предпринимателалгун.

Гьеб дандчIваялда гIахьаллъана – предпринимателазул ихтиярал цIуниялъул аппаратalъул консультант ХIасан ГIабдулмажидов, районалъул прокурорасул ишал тIуралев Х. Салимов, З. Эмеев, МФЦялъе нухмалъулей Р. ХIайбулаева ва ОМВДялъул ОУППялъулгун ПДНалъул начальник А.-р. МахIамаев. Данделъи нухда иналъе квербакъана Ш. Мусалаевас.

ХI.ХI.Мусаевас гьениб абуна: **«Жакъа къоялде районалда буго гьитIинабгун гьоркьохъеб бизнесалъул 77I субъект (134 юридическияб лицо ва 637 жалго жидедаго чIарал предпринимателал). Гьаб соналъул 9 моцIалда жаниб районалъул бюджеталде гьез кьуна 7 млн. 880 азарго гъурущ. Араб соналде данде ккун гьеб ккола 128 %. 2019 соналъ районалъул администрациялъ, муниципалиял субсидиял хIисабалда, конкурсалда бергьенлъи босарал предпринимателазе кьуна (100 ва 50 азарго гъурщил) 2 грант»**, -ан.

Данделъиялъул хал гьабиялде росарал суалазда тIасан ккарал гара-чIвариязда бицана планалда рихьизаруралгун рихьизаричIел хал гьабиял тIоритIиялъул, бизнесалъе рихьизарурал бигьалъабазул, грантазе гIарцул бихьизабураб къадаралъул, налогал кьеялда сверухъ гьарулел хиса-басиязул, предпринимателазул ихтияразул ва гьезда тIадал ишазул.

**«Нужее щибниги гьабизе рес букIунаро нужер гIахьаллъи гьечIого. РакIбацIцадаб бизнес гьабулезе кумекалъе дун кидаго хIадурав вуго. Нужер районалда экономика «рагIадалъукьа» къватIибе бахъиялда тIад гIезегIанго хIалтIи гьабулеб буго. Гьелъ рес кьела цIиял предприятиял рагьизеги»**, -ян абуна М. ТIалхIатовас.

Данделъиялъул ахиралда муниципалияб буголъиялъул отделалъул начальник М.Эмеевас предпринимателал ахIана Дагтехкадастр гIуцIиялъул сайталда ругел материалазул хал гьабизе ва гьезда сверухъ раккарал разилъи гьечIолъиялъул пикраби заманалда загьир гьаризе.

***Пресслужба.***

## ГIолилазул жигарчилъиялда



Дагъистаналъул гIолилазул гIуцIиялъул бутIалъун кколеб «Казбек районалъул гIолилал» гIуцIиялъул жигарчилъиялда гьарурал хIалтIабазул хIакъалъулъ нижеца цо чанго нухалда хъван букIана.

Хасавюрталдасан Дилим росулъе лъугьунеб нухлул квегIаб рахъалда, гьеб гIуцIиялъул жигарчилъиялда, цIияб тротуар гьабулеб буго .

Гьелъие бакIарун буго 500 азарго гъурущ. Гьеб гьабиялъе кумек гьабуразда гьоркьор руго-ООО «Флагман» фабрика (150азарго гъурущ,) GFCалъул чемпион (бои без правил) ТIагьир Уланбеков (100 азарго гъур.), лицеялъул 57 выпуск (40 азарго гъурущ ва хIалтIи бетIералда бахъинабиялъе хIадурарал сертификатал ричун росаралги).



Абизе ккола тротуар гьабизе байбихьаралдаса гIадамазул гьелдехун лъикIаб бербалагьи букIанилан ва гьел нахъе къан чIечIилан.

Гьениб хIалтIи гьабиялъе 400м. сеткаялъул босана –МухIамад Ибрагьимовас ва ГIумар Аштаевас,росдал администрациялъ-хъарщи,бакIалда хIалтIизаризе чIезаруна автогрейдергун бульдозер.

Бетон тIеялъул хIалтIабазда жигараб гIахьаллъи гьабуна «Салавюрт», «Поляна» микрорайоназул гIолохъабаз,гьеб гьенибе баччана ХIамзат ГIалихановас.ХIалтIабазе бетIерлъи гьабулеб буго- ХIажимурад МухIамадовас,росдал Собраниялъул депутат МухамадгIарип Болоц1илаевас ва «Поляна» микрорайоналъул гIолилазул цевехъан ГъазимухIамад ХIасановас. БакIалда яшав гьабун ругез кумек гьабуна кванил нигIматаздалъун.

ГIолохъабазда ракIалда буго декабралда тротуар хIадур гьабун лъуг1изабизе.

***А.А. Иманшапиев,***
***«Казбек районалъул гIолилал» гIуцIиялъе нухмалъулев.***

Инсан ва г1умру
**Лъималазда бухьараб г1умру**
Ц1ализе бегьула - 2 гьум.

Инсан ва г1умру
**Ленинаул - дир тарих**
Ц1ализе бегьула - 5 гьум.

Инсан ва г1умру
**Мурад - загьир габи**
Ц1ализе бегьула - 6 гьум.

Г1агараб газеталъул божарал гьудулзаби,

Инсан ва гIумру

# Лъималазда бухьараб г1умру

Инсанасул гIумруялълъ бищунго талихIаб заманлъун рикIкIуна лъимерлъи. Гьеб букIуна гIанчIаб, сундулго ургъел гьечIеб,аваданаб заман. Куркьбал щулалъаралго, хIанчIаца бусаби гIадин, заманалдасан лъималазги тола гIагараб рукъ, гьел уна жиде - жидер гIумрудул нухаздасан.

Щивасул анищ букIуна талихIаб букIинеселде, рекIее бокьулеб махщел щвеялде. Амма гIумрудул нух бигьаяб букIунаро, тIабигIаталдаги тIолалго къоял роцIарал рукIунаро. ГIумрудул хIалбихьиязулъ инсанасул черх лъадарула. Гьеб рахъалъ чIужугIаданалълъ жиндирго рекIел мурадазде щвезе бокьи, сабру ва ях1-намус ц1ик1к1ун рукIуна. Гьединаздасан цояйлъун ккола Дилим росулъа Мурадисова Сакинат Сахрудиновна.

КIудияб хъизаналда гьоркьой гIурай йикIиналъ, Сакинатил сабру гIуна, дандчIварал захIмалъаби къезаризе, рукъалъул хIалтIи гьабизе, жиндир тIалабалде ккарал лъималги г1умрудул нухде т1орит1изе, ва хIалтIуде хьвадизе.

Кинабха букIараб Сакинатил гIумруялъул байбихьи?

Гьеб букIана талихIаб, эбелинсул тIалаб гIураб. Дунгун ккараб гара-чIвариялда гьелъ бицана: «**Доб букIана ракь багъарараб 1970 сон. Дун цIалулей йикIана кIиабилеб классалда. РакIалда буго гьеб лъугьа-бахъиналъ киназулго рахIат хвезабураблъи.**

**Нижер школалдаса цIалдохъабазул цо къокъа битIана Москваялъул областалде кколеб Раменское шагьаралъул школа-интерналде.**

**Гьениб нижее хIажатабщинаб чIезабун букIана. Амма бищунго кIудияб рохеллъун дие букIана экскурсиялъ Москвалде рачин. Дие рес щвана**



**БагIараб Байдан бихьизе. Ниж щвана батIи-батIиял музеяздe. М.И.Калининил цIаралда бугеб музеялда ниж пионераллъунги росана. Гьениб нижее рагьана маргьабазулъ гурони рагIичIеб, гIажаибаб дунял. Гьеб дир рекIелъ тIолабго гIумруялъ хутIана»**,-ян.

Гьеб битIараб буго, лъимерлъуда бихьараб кидаго кIочонаро. Къокъаб заманалъул букIаниги, гьединаб талихIаб лахIзаталъ инсан,хасго лъимер,бохизабула.

1977 соналъ гIагараб росдал школаги лъугIизабун, Сакинат Избербашалъул педучилищаялъул музыкаялъул отделениялде лъугьана.

ЛъикIал къиматазда гьебги лъугIизабун, гIагараб росулъе тIад юссана.

ЗахIматалъул нухде гали т1амуна Дилим росдал №1«**Маргьа**» лъималазул ахалде лъугьиналдалъун. 38 сон ана гьей гьений х1алт1улелдаса.

«**Кинабго- лъималазе**» абураб ахIи ккола гьелъул х1алт1ул аслияб рахъалъун.

Лъималгун гьей гIахьаллъула районалда тIоритIулел байрамазда, конкурсазда,батIибатIиял данделъабазда. Сценаялде рахъараб мехалъ гьезул щибаб церерахъиназда ретIулеб формаялъгун гIадлунизамалъ хIайран гьарула. Балагьараз гьезие лъикIаб къимат кьола ва гьел гьираялда гIахьаллъула Сакинатица гьарулел тадбиразда.

Жиндирго ракIги чорхол жанги кьола гьелъ лъималазул гьунар загьир гьабиялъе,гьезул лъимерлъи аваданаб ва талихIаб букIиналъе.

Сакинатица лъимал рачуна тIабигIаталъул берцинал бакIазде, гьезие тIегьхералъул,рухIчIагоолъабазул бицуна. Гьединго гьел щола г1ухьбухъе, рохьихъабахъе, ва гь.ц. бак1азде.

Гьединал сапараз гьитIичазе лъикIаб асар гьабула.

Къокъ гьабун абуни, гьеб киналъго лъималазе гIумруялъул хIакъикъияб сурат рагьула, гIагараб росдаде, Дагъисталалде, ВатIаналде рокьи бижинабула.

Балъголъи гуро, Сакинатил хIалтIуе кибго лъикIаб къимат кьолеб бук1ин. Гьей мустахIикълъана гIемерал шапакъатазе ва призалъулал бак1азе.

Гьай-гьай, гьел ккола Сакинатица, кIвахIтун, гьабулеб захIматаб хIалтIул роценлъун.

*Х1. Каримова*

# «Веселые старты» къецазда...



8 октябралда МахIачхъалаялъул «**Труд**» стадионалда тIоритIана республикаялъул лъималазул ахазул гьитIичазда гьоркьор тIоцересел «Весёлые старты» къецал.

Гьенир гIахьаллъана I2 команда. Нилъер районалъул «**Салатаевцы**» командаялда гьоркьор рукIана- «**Улыбка**» (Гуни), «**Журавушка**»(Дилим), «**Солнышко**»(Ичкlа), «**Лачен**» (Гертма), «**Колобок**» ( Алмахъ) лъималазул ахаздаса гьитIичал. Гьез гьениб бихьизабуна жидерго бажари, махщел ва лебаллъи.

Къецазул хIасилалда, нилъер районалъул команда бачIана 3-аб. бакIалде ва гьеб мустахIикълъана кубокалъе, медалазе ва дипломалъе.

*Пресслужба.*

ЦIалдолезул пикраби

# Бокьилаан газеталда рахъизе

Августалда дун ккана Хасавюрталъул Централияб больницаялде. Больницаялда хIалтIулел тохтурзаби руго хIурматалъеги реццалъеги мустахIикъал ва жидерго махщелалъе ритIухъал. Гьез гьабураб хъулухъалъ дие кIудияб кумек щвана.

Гьениб бараб заманалда дида рагIинчIо тохтурзаби квешаб рахъалдасан рехсолел. Унтарал гьездаса рази рукIана.

Дие бицине бокьун буго дир рекIее асар гьабураб цо лъугьабахъиналъул х1акъалъулъ. Дие рокьула нилъер районалъул шагIирзабазул ва хъвадарухъабазул асарал.

Больницаялда дихъе щвана Хасавюрт шагьаралъул «НасихIат» газеталда рахъарал Гуни росулъа Сидрат Айтемитровалъул «ЦIвабзазул болнухда» абураб къисаялъул цо-цо бутIаби. Бокьилаан нилъерго хъвадарухъабазул гьединал асарал «Чапар» газеталдаги рахъизе. Гьанжесел гIолилазе бокьичIониги,чIахIияб гIелалъул гIадамазе бокьула гьединал асарал цIализе.

Дир хIисабалда, гьеб букIинаан нилъерго хъвадаризе махщел бугел кIодо гьарилъунги.

*Даци Латипов, Дилим росу.*

# Канлъи дагьазул данделъи

9 октябралда районалъул культураялъул Централда тIобитIана ТIолгороссиялъул канлъи дагьазул районалда бугеб отделениялъул данделъи.

Гьенире гIахьаллъана- ТIолгороссиялъул канлъи дагьазул Дагъистаналда бугеб регионалияб отделениялъул председатель ХI.НазирхIажиев, районалъул имамзабазул Советалъул председатель Ш. Темирбулатов, ригь аразул Советалъул председатель М. Чупалаев, МФЦялъе нухмалъулей Р. ХIайбулаева,КЦСОНалъул Ленинаул росулъ бугеб отделениялъе нухмалъулев Д. Минсултанов, Гьизилюрт районалъул канлъи дагьазул отделениялъул председатель А. ГIабдулаев.



Гьаб соналъул 9 моцIалъ гьабураб хIалтIул хIисабкьейгун гьенив кIалъазе вахъана М. Абулаев.

Данделъиялда кIалъарал - ХI.Н. НазирхIажиевас, Ш. Темирбулатовас, Р.ХIайбулаевалъ, М. Чупалаевас, А.ГIабдулаевас гьениб бицана канлъи дагьазул гIумруялъул шартIал лъикIлъизариялъе М. Абулаевас гьабураб хIалтIул, гьесда цере чIарал масъалабазул ва дандчIварал захIмалъабазул.

М. Абулаевас гьабураб жигараб хIалтIухъ гьев кIодо гьавуна районалъул ригь аразул Советалъул грамотаялдалъун.

Хал гьабураб заманалда,районалда ругел канлъи дагьазул гIумру лъикIлъиялъе ахирияб лъабго соналда жаниб гьабун буго гIезегIанго хIалтIи.

Гьелде гьоркьоре уна 12 инвалидазул коляска ва цогидаб хIажатаб кьайи-цIа гьезие ч1езари.

Данделъиялъул ахиралда гIахьалчагIазе гьенир кьуна кванил нигIматазул наборал.

Гьелъие кумек гьабуна Салман АхIмадовас(Буртунай росдал администрациялъул бетIер),ООО «Флагман», «Башир», «Лидер-Пласт» ва цогидалги тукабазул бетIергьабаз ва «Инсан» фондалъ.

*И.Идрисов.*

*Инсан ва г1умру*

# Ленинаул – дир тарих



Ахириял соназ, щаклъи гьеч1ого, т1олабго Россиялда, г1ат1идго, т1орит1ана ва г1адаталлъун лъугьана **«Дир шагьар – дир тарих»** абураб ц1аралда гьоркь, тарихиял музеял г1уц1и. Гьелълъ щивас х1аракат бахъула, раг1а-ракьанде щун, жиндирго халкъалъул рух1ияб бечелъи г1адамазда лъазабизе ва гьелъул тарих, г1ат1идгьабун, рагьизе. Гьай – гьай, бечедаб тарих буго нилъер Ват1ан Россиялъул, Дагъистаналъул, узухъда, гьеб буго дир гьит1инаб Ват1ан – Ленинаул росдалги.

***Гьенир – лъик1аб гьава – бакъ,***
***рак1г1ат1идал г1адамал,***
***Берцинал т1огьол муч1дул,***
***рогьелал, бакът1ерхьинал,***
***Ралъдал карачелаллъун, гьелчолел ролъул хурзал,***
***Гьарзаго рохьаз ккурал гьайбатал муг1рул щобал.***

Гьениб ана дир лъимерлъи. Сверухъ ругел муг1рул ккола дица нахътараб г1умрудул нухалъул нуг1заллъун. Дун херлъана, амма дун кинго г1орц1улев гьеч1о г1агараб т1абиг1ата лъухъ, гьелъул берцинлъиялъухъ балагьун. Гьелъул дида лъала киналго бук1онал ва щибаб сухъмахъ.

Заман ч1ун бук1унаро, килщазда гьоркьосан х1еренаб салилъун чвахула гьеб. Уна къоял, сонал, амма тарихалъулъ хут1ула нилъер лъик1ал ишал – зах1мат, бах1арчилъи, ях1 – намус ц1унун хьвади ва гь.ц.

Дида нижер росу г1адатияб лъун кколарин абизе к1ола. Гьенир яшав гьабун руго ц1акъ лъик1ал г1адамал: маг1арулал ва чачанал. Гьезул буго ц1огидазда релълъинч1еб, хасаб тарихги. Гьеб г1уц1ана нус – нус соназ нижер умумуз, нижее ирсалъе щварабщинаб ккола гьезул г1ет1улъ ва бидулъ белъараблъун. Гьелъ дун ч1ух1ула дир росдал ва гьелъул г1адамазул тарихалдаса.

Гьеб тарихалъулъ хасаб бак1 ккола СССРалъул заманалда бук1араб **«Гьудуллъи»** колхозалъ (гьанжесеб СПКялъ). Гьеб гьедин бук1араблъиялда щаклъи ккезе бегьуларо, щай абуни, Дагъистан буго рекьарухъанлъиялъулаб республика. Аслияб къаг1идаялда нижер маг1ишаталъ хурухъанлъи гьабулаан, амма гьелда г1ейгьабунги ниж ч1олароан. Цебет1ун бук1ана нижер колхозалда г1и – боц1и г1езабиги ахихъанлъиги.

Колхозалда х1алт1улел г1адамазул х1аракатчилъиялда, нижер маг1ишат лъугьана цебет1ураблъун, гьелъул ц1ар раг1ана республикаялдагун пачалихъалда. **«Гьудуллъи»** колхозалъул ц1ар камич1о республикаялъул Х1урматалъул хъорщодаса, т1ощел г1езабиялъулъ рихьизарурал лъик1ал х1асилазухъ гьелъул жавабиялгун мухъилал х1алт1ухъабазе кьуна орденал, медалал ва ц1огидалги шапакъатал. Гьединго, гьел рит1улаан ВДНХялъул выставкабазде. Цо чанго нухалда колхозалъе кьуна цоцазухъе хьвадулеб Баг1араб Байрахъ, гьеб босун бук1ана ДАССРалъул **«Зах1маталъе рецц»** т1ахьиде, гьелъие щвана бат1и – бат1ияб даражабазул дипломал.

Рук1ана сонал цо гектаралдаса 50 центнералде г1агарараб т1ощел бач1аралги. Лъаг1алил хайир 500 азарго гъурщидасаги (доб заманалъул) ц1ик1к1унаан. Гьай – гьай, гьелда рекъон, ц1ик1к1унаан колхозчаг1азе щолебги (г1арац, т1ощел ва гь.ц.).

Къокъгьабун абуни, нижер маг1ишат бук1ана цебет1ураб, щулаго **«х1ат1азда»** бахъунч1араб. Гьелъ рес кьуна росдал экономикиябгун социалияб рахъал церет1езариялда т1ад х1алт1изеги.

Гьеб рахъалъ (70-80 соназ) росулъ г1езег1анго х1алт1аби гьаруна. Рана школалъе минаби, машинабазулгун тракторазул парк, ферма, тукаби, кафе, клуб, администрациялъул корпус, ФАП, гьобо, т1ощел базе бак1ал, къач1ана аслияб байдан, гьениб ва къот1ноб т1уна хъил. Лъалаго лъик1лъана г1адамазул яшав.

Узухъда, гьеб цебет1ей кидаго бук1инароан нижер маг1ишаталда х1алт1улел, жавабиял х1алт1ухъабаздаса байбихьун ва мухъилазде г1унт1ун, рак1 бац1ц1ад ва жавабчилъиялда х1алт1ич1елани. Колхоз г1уц1аралдаса гьеб цебет1езабиялда т1ад х1алт1аразул, гьелълъ лъик1ал х1асилал рихьизарурал сиях1 ц1акъго халатаб буго, амма гьезул цо-цоял рехсеч1огоги бегьуларо.

Гьел ккола ВДНХялъул меседил медалал щварал – Темирсултан Къадиев, Жабраг1ил Х1амзалаев. Г1арцул медалазе мустах1икълъарал – Идрис Шабазов, Мух1амадсаг1ид Шамирзаев, Занки Занкиев, Х1ажи Аскербиев.

Мазгарул медалазул кавалерал: Мух1амадбусир Мух1амаднуров, Г1умарасх1аб Забитов, Малайх1ат Болатханова, Пат1имат Хамагова.

**«Х1урматалъул г1аламат»** орденал щварал – Зайналг1абид Ярагъиев ва Сала Мух1амадов, 2-аб. ва 3-аб. даражаялъул **«Зах1 маталъул рецц»** орденазул кавалер Г1абдулг1азиз Х1асанов. Гьединго, бат1и-бат1ияб орденал щвана – Мух1амагъази Г1умаровасе, М-басир Мух1амаднуровасе, Чалаби Мух1амадсултановасе, Г1абдулг1азиз Х1асановасе, Сала Мух1амадовасе, Хадижат Майковалъе, Сукайнат Зайтуевалъе, Айбату Г1абдулг1азизовалъе.




**«Росдал маг1ишаталъул мустах1икъав х1алт1у хъан»** абураб ц1аралъе мустах1икълъана – Идрис Шабазов, Шарабодин Манапов, Марат Мух1амадов ва Темирсултан Къадиев. Гьай-гьай, х1алт1улъ бергьенлъаби росарал ва т1оклъи бихьизабурал цого орденалгун медалал кьун толароан.

Гьел к1одо гьарулаан цогидал шапакъатаздалъунги. Гьедин, гьезие кьолаан т1адагьал автомашинаби, г1арцулал шапакъатал ва гь.ц.

СССРалъул ВДНХялъул рахъалдасан автомашинаби кьуна – Г1ибадула Занкиевасе, Жабраг1ил Х1амзалаевасе, Марат Мух1амадовасе, Абулх1асан Дадаевасе, Г1абдулг1азиз Х1асановасе, Мух1амадкарин Лабазановасе. Гьединго, цо лъаг1алида жаниб, колхозалъе сайгъат гьабуна ункъо автомашина.

Т1адехун рехсарал киналниги рарал бак1ал, къач1арал нухалгун къват1ал ва цогидалги гьарурал х1алт1аби бет1ералде рахъинароан цебет1ураб колхоз ва рак1бац1ц1ад х1алт1улел дир росуцоял рук1инч1елани.

Рак1 – рак1алъулаб баркала буго гьел т1олазего. Ч1ах1ияб г1елалда ц1акъ лъик1 лъала доб заманалда г1адамазе лъел бук1араб къварилъи. Руччаби г1ерт1алгун, ведрабигун ва цогидаб ц1араг1гун лъеда хадур **«Ахъташ»** лъарахъе хьвадулаан. Гьеб къварилъи г1адамазда т1аса босанин абизе бегьула росдал махщалилал: Пайзула Ибрагьимовас ва Салих1 Сулеймановас. Доб заманалда колхозалъул председательлъун вук1ана Зубайри Сайдулаев (гьанже райадминистрациялъул экономикаялъулгун планированиялъул ва г1уц1иялъул суалазул отделалъул начальник Даци Сайдулаевасул эмен). Бажари бугев г1уц1арухъан Зубайрица, Ростовалдаса трубабиги росун, росулъ ч1езабуна лъим чвахиялъе система.

Гьеб бет1ералде бахъинег1ан, гьелда божулезул къадар дагьаб бук1ана. Колхозчаг1азе зах1маткъоялъ кьолаан г1арац, т1ощел ва цогидалги кванил ниг1матал. Колхозалъ кумек гьабулаан росулъ х1алт1улел киналниги специалистазе. Росдал боц1улгун г1иял г1ухьбузе, Аллагьасул къадар щварал нухда т1орит1улезе ва гь.ц. ч1езабун бук1ана хасаб мухь. Колхоза лъул пенсионеразе ва х1ажалъи ккарал росдал г1адамазе гьабулаан кумек.

К1очон толароан Ват1анияб рагъул г1ахьалчаг1и ва рагъда г1умруялдаса рат1алъаразул нахъе хут1арал лъудбигун лъимал.

Къокъгьабун абуни, колхозалъ гьабураб х1алт1ул ва лъик1лъабазул т1убараб т1ехь хъвазе бегьула.

Жеги лъик1ал х1асилал рук1инин ва г1адамазул рук1а – рахьин т1адеги лъик1лъилин ккараб заманалда биххана СССР, рахъ – рахъалде рикьана вацлъиялда рук1арал республикаби. Пачалихъалда ккарал хиса – басиязул х1асилалда, риххана анц1 – анц1 соназ г1уц1арал совхозал, колхозал, ч1ана заводалгун фабрикал. Демократия г1уц1улебинги абун, босун лъуна халкъ г1алхулаб капитализмалда. Кин кканиги, риххарал колхозалгун совхозазул бак1алда г1уц1ана СПКял, ГУПал, МУПал ва гь.ц. Г1адамаз т1алаб гьабич1ебани, гьел г1уц1иялдаги ва ц1униялдаги божи, узухъда, бук1инч1о. Х1укуматалъ гьабулеб бук1араб кумекги гьоркьоб къот1ана. Хадусан ккаралъе нуг1заллъун нилъго руго.

Г1емер рук1ана росдал маг1ишаталъул г1уц1абиго х1ажат гьеч1ин абулел, амма заманалъ бихьизабуна гьел мекъи ккаралъи. **«Гьудуллъи»** колхозалъул къуч1алда г1уц1ана СПК. Гьай – гьай, колхозалъул бук1араб къуват гьелълъ гьеч1о, гьелъул г1айибги г1адамазда гьеч1о.

Пачалихъалда ккарал хисабасияз хисизабуна г1адамазул росдал маг1ишаталдехунисеб бербалагьи. Нижер г1адамал лъугьинч1о зах1мат бокьулареллъун, росдал маг1ишат рихараллъун. Гьелдехун бук1ине кколеб бербалагьи х1акимзабазул бук1арабани, рак1ч1ун, абизе к1ола нижер г1адамал жеги лъик1 х1алт1изе рук1анин.

**СПК** ян ц1ар бук1аниги, нижер г1уц1иялъ, гьелъие нухмалъулез х1аракат бахъана росдал гьумер лъик1лъизабиялъулъ жиндирго бут1а лъезе. Налъаби рук1аниги, ц1атариялъул, ракь беэн гьарулел маг1 даназул, техникаялъул, запчастазул ва гь.ц. багьаби гьаваялде раханиги, **«Гьудуллъи»** СПКялъе нухмалъулезгун х1алт1ухъабаз бажараб кумек гьабула цебе бук1араб г1адаталда рекъон.

Районцоязда лъик1 лъала Чечняялдаса рач1арал гъачагъал щущахъ рихьизариялъул х1акъикъат. Гьезде дандеч1еялъе ополчение г1уц1иялъулъ, гьеб яргъидалъун ва цогидал сурсатаздалъун хьезабиялъулъги нижер СПКялъ жиндирго бут1а. Лъуна **«Гьудуллъи»** маг1ишаталъул колхозчаг1азгун гьезул наслабазин дол соназ бихьизабураб нахъекъай гьеч1олъи ва унго – унгояб бах1арчилъи. Гьеб к1очене ихтияр гьеч1о.

Рак1алдаса унаро, цо-цо чаг1аз, рокьукъгоги балагьун, **«колхозник»**,-ан абулеб бук1араблъи.

Дица гьединал рик1к1унаан щибниги бич1ч1ен гьеч1еллъун. Гьез гуребищ кьолеб бук1араб квине чед ва цогидал кванил ниг1матал? Гьенир гурищ х1алт1улел рук1арал ц1ик1к1унисел г1адамал?

**«Гьудуллъи»** колхоз цо заманалда бук1ана Дагъистаналъул визиталъулаб карточкалъун. Нижехъе рач1унаан х1албихьи босизе, гьенир т1орит1улаан республикаялъул семинарал ва гь.ц.

Дун вохаравги ч1ух1аравги вуго зах1мат бокьулел, т1аде босараб иш раг1а- ракьанде щвезабулел, бажари бугел г1адамазда гьоркьов вижиналдаса ва гьезда гьоркьоб г1умру унеб бук1иналдаса.

**Темирсултан Къадиев,**
**Ленинаул росу.**

# Ажриял лъугьа- бахъинал

**Дунялалда**

1. Россиялъул Президент В.В. Путин дандчIвана СагIудиязул ГIарабиялъул къирал Салман бен ГIабдулгIазизгун ва гьесул ирсилав-принц МухIамад бен Салмангун. Гьелъул хIасилалда хъвана къогоялдаса цIикIкIун къотIи-къаялъул документ.

2. СШАялъул Северияб доктриналда рекъани, гьелъ Россиялъе Севералдасан унеб ралъдал нух къазе бегьула», -ян хъвалеб буго Сербиялъул журналист Зоран Милошевичас.

3. Сириялъул пачалихъиял аскаразул конвой дандчIван буго нахъе къалел СШАялъул рагъулал къуваталгун.

4.Т урциялъ Сириялъул ракьалда тIобитIулеб буго хасаб рагъулаб операция ва СШАялъ гьениса жидерго рагъулал къуватал нахъе рачине кколел руго.

**Россиялда**

1. Новосибирскалъул цо районалде,10-аб.классалда цIалулей цIалдохъан чIваялда хурхун, битIана цIех-рехалъул хасаб комиссия.

2. Москваялъул **«Шереметьево»** аэродромалда самолеталда цIа рекIана.Гьелъул хIасилалда гьенив 100 чи хвана.

3. Россиялъул МИДалъ СШАялъул посольствоялде нота битIана. Гьелъие гIиллалъун ккана Северодвинскалда поездалдаса Американялъул лъабго дипломат рахъизе ккейи.

**Дагъистаналда**

1. Дагъистаналда тIатун руго гIадамазда Сибиралъул язва унти бахиналъул хIужаби.Гьелда хурхун, хIукуматалъ гIадамал ахIулел руго цIодорлъи гьабиялде.

2. 4 октябралдаса нилъер республикаялда цифраялдалъун телевидениялъулгун радиоялъул передачаби кьеялде рачIиналда бан, МахIачхъалаялъул **«Россия-дир тарих»** паркалда рохалилаб данделъи тIобитIана.

3. Киевалъул цо къотIнов чIвана 33 сон барав дагъистанияв.

4. МахIачхъалаялъул аслияб майданалда рукIарал гъутIби къотIиялъул хIакъалъулъ кьураб информациялда тIасан шагьаралъе нухмалъулез бицен гьабуна.

Дин ва г1умру

*Байбихьи 29, 30, 32, 34, 36, 37.*

# Хварав чи хабалъ лъун хадуб гьесда талкъин ц1алиялъул баян

Балугълъун хадув хварав чи хабалъ лъун ва гьелда ракь хъван лъуг1араб мехалъ суннатаб буго гьев вукъизе данделъарал г1адамазе дагьаб заманаялъ гьенир ч1езе хварасе **"тасбит"** бачизе ва гьесде талкъин ц1ализеги. Хварасе талкъин ц1ализе мустах1икъав чи г1одов ч1ела гьеб хобалда цеве къиблаялъул рахъалда хварасул гьумералда дандвит1ун вук1уледухъ.

Хварав чи хабалъ лъун хадуб гьесда т1алкъин ц1алиялъулъ г1алимзабазул хилаф ккун буго, амма ункъабго мазгьабалъул г1алимзабазул т1ахьазда гьеб ц1ализе хирияблъун бихьизабун буго. Гьеб ц1ализе суннатаб бук1иналъе г1алимзабаз х1ужжалъун бачулеб жинда Аллагьасул ссалат салам лъеяв хирияв Аварагасул х1адисги буго Ат1т1абараниясги Г1абдулг1азиз Алх1анбалиясги Абу Умаматидасан (разия Ллагьу г1ангьум) бицараб:

Маг1на: **Дун хвараб мехалъ нужеца дие гьабе Аварагас (жинда Аллагъасул ссалат салам лъеяв) нилъеда нилъер хваразе гьабе абун амру гьабураб жо, Аллагьасул расулас (жинда Аллагьасул ссалат салам лъеяв) нилъеда амру гъабуна ва гьес абуна: "Нужеда гьоркьосан цонигияв хвараб мехалъ ва нужеца гьесул хобалда т1ад ракьги бит1изабураб мехалъ нужер цояв вахъун гьесул хобалъул бет1ералда аск1овги ч1ун цинги абе «Я пуланалъул вас пулан х1акълъунго гьесда гьеб раг1улила амма жаваб гьабуларила...** гьедин хадухун талкъиналъул раг1абиги малъун руго нилъеца киналъулго таржама гьабун халат гьабиларо. Гьаб х1адис цояз заг1ифабилан абун буго цояз гьеб х1ужжаялъе бегьулеб бугилан абулеб буго.

Гьеб гуреб цоги х1ужжабиги руго г1алимзабаз гьелъие ва хварал чаг1азда ч1агоязул калам раг1улеб бук1иналъе рачунел, гьездасан буго жинда Аллагъасул ссалат салам лъеяв хирияв Аварагас(с.г1.с.) Бадруялда гъурарал мушрикиназул ч1варал чаг1азул х1акъалъулъ абурал раг1аби:

Маг1на: **Мух1аммадил нафс Жиндир кодоб бугев Аллагьасдалъун гьедулев вуго нуж гьеч1о дица гьезда абулеб жо гьездасан ц1ик1к1ун раг1улеллъун.**

**(Хадусеб бук1ине буго)**

***Тъодобериса АхIмад ГIисаевасул, Иршадуль ГIавам (тIехьалдаса босараб)***

# Х1урматиял газета ц1алулел!

Унеб буго 2020 соналъул т1оцебесеб бащдаб лъаг1алие «Чапар» газета хъваялъул кампания. Ниж рохаралги ч1ух1аралги руго нуж нилъер газета хъвалеллъун ва ц1алулеллъун рук1иналдаса.

Нужеца нижехъе рач1унел кагътал ц1алулаго, нужер ишал нухда унел гьеч1они, нижер рак1азулъе пашманлъи, рах1атхвей рещт1уна, гьез лъик1ал х1асилал нужее кьолел ругони, ниж рохула.

Нужер лъик1ал макъалаби, куч1дул ва цогидалги материалал, архивалда гурелги, нижеца ц1унула рак1азулъги, т1ад-т1адруссун, ц1алула ва ккаралъур гьезулъа цо-цо рехсеял, х1ужаби ва гь.ц. х1алт1изарула, гьединго, х1аракат бахъула нужер бадич1ваял ва гьарият х1исабалде росизе. Нуж гьеч1они, нижер х1алт1и цебехунги унаро.

Г1акълучилъун гуребги, **«Чапар»** ккола цогидазе сайгъат гьабизе бегьулеблъунги. Ц1алдезе бокьулел г1ага-г1унт1аразе, рес рекъеч1езе хъвани, гьеб ккола, нужер рахъалдасан, гьезие гьабураб лъик1аб сайгъатлъун. Кида газеталъул гьурмазде ралагьаниги, нужеда гьенир ратизе руго рак1ал т1аде ц1алел макъалабиги х1ажатаб информацияги. Гьединго, гьенир нужеда ратила лъималазе, г1олилазе ва ригь аразе малъа-хъваял, абиял, абундачал ва тарихиял баянал.

**«Чапар»** хъвани, нуж лъугьина нижер гьит1инаб коллективалъул божарал гьудулзабилъун. Гьеб хъва зе бегьула росабазул почтаялъул отделениябазда.

Багьа-286 гъурущ.

***ХIурматгун «Чапар» газеталъул коллектив***

Инсан ва г1умру

# Мурад-загьир гьари

Сентябралъул ахиралда Х1амзаюрталда яшав гьабун вугев Г1ибадула Т1алх1атовасул машина тункула Буйнахъск районалъул Къакъашура росулъа чиясул машиналда.

Гьелъул х1асилалда, живго Г1ибадулаги дандреч1араб машиналъул шоферги, гьесул лъадигун к1иго лъимерги хола, цоги ясги васги больницаялде ккола.

Гьеб лъугьа-бахъиналда бан, буртабазул жамаг1ат, (к1инусгоялде г1агарун чи) щола хваразул г1агарлъиялъухъе, кумек гьабун, гьезухъе миллионалдаса ц1ик1к1араб гъурущ г1арац кьола ва т1аса лъугьаян гьарула.

Гьеб ишалъулъ церехъанлъи гьабуна - Анарбег Мух1амадовас, Г1абдулат1ип Г1алиевас, Рабан Сайбулаевас ва Мукъал Х1асаница.

Гьенире г1ахьаллъана- **«Хъиргъу», «Россия»** ва **«Башир»** тукабазул вакилзаби, росдал администрациялъул бет1ер Ах1мад Салманов, харабазул Советалъул председатель Исх1акъ Абубакаров ва цогидалги жамг1иял г1уц1абазул церехъаби.

Гьеб сапаралъулъ г1ахьаллъарал т1олазулго ц1арал рехсезе к1веларо, гьеб дир мурадлъунги ккоaро. Бокьун буго, киналго цо г1адин, къо ккаралъуре рахъунел, гъункарал, рек1елъ гурх1ел ц1ик1к1арал, рах1му-ц1об, иман-ях1 чорхолъ бугел г1адамал нилъер рук1ин т1олазего загьир гьабизе.

Г1.Т1алх1атовасул г1агарлъиялъ рак1-рак1алъулаб баркала загьир гьабулеб буго буртабазул жамаг1аталъе жидее х1алае рахъаралъухъ ва ишалъулаб кумек гьабуралъухъ.

***М.Чупалаев.***

# Уважаемые потребители электроэнергии!

Дагестанские энергетики проводят кампанию по актуализации (инвентаризации) потребителей электроэнергии. Основная цель проведения актуализации (инвентаризации)

- установление диалога с потребителем электроэнергии.

В рамках инвентаризации энергетики планируют провести:

- актуализацию фактического потребителя и внесение его персональных данных в базу ПРК «Стек-Энерго»;
- привязку фактически установленного прибора учета (счетчика) к лицевому счет> потребителя;
- установление фактически потребленной электрической энергии с последующим отражением результатов в базе ПРК **«Стек-Энерго».**

Сбор недостающей информации о пользователях, владельцах, собственников помещений, а также получение необходимой правоустанавливающей информации на объекты энергоснабжения, актуализация данных о приборах учета позволит, в конечном итоге, улучшить платежную дисциплину и снизить потери электрической энергии. Кроме гою. выполнение указанной работы позволит произвести корректировку объемов электрической энергии в случае выявления фактов некорректных начислений на потребителя электроэнергии.

В связи с этим, энергетики просят жителей Республики Дагестан с пониманием отнестись к проводимым мероприятиям. Если у потребителя есть сомнения в личности проверяющего, го он может позвонить на телефон «горячей линии» Департамента обеспечения безопасности по Республике Дагестан **«Россети Северный Кавказ»** 8 (903) 492-87-77 или (8722) 51-87-44 и уточнить, действительно ли такой человек представляет энергокомпанию. По всем проблемным вопросам можно также проконсультироваться по телефону горячей линии **«Россети Северный Кавказ»** 8 800 775-91-12.

Напоминаем, что в соответствии с методикой проведения проверки (инвентаризации) специалисты энергокомпаний имеют право и будут проводить фотофиксацию приборов учета и иных абонентских данных.

# Объявление

Правление СПК **«Дружба»** объявляет, что печать СПК, имеющаяся у бывшего председателя Ю. Р. Хабибова является недействительной. Решением общего собрания от 20.12.2018 г. Ю.Р. Хабибов был уволен с должности председателя, а 30.03.2019 г. исключен из СПК.

***Правление СПК «Дружба».***

*БетIерав редактор:*
*Мухтар ГIалиевич Чупалаев*
*тел: 55-48-94*
*Жавабияв секретарь:*
*МухIамад-Шарип ГIабдулашимов*
*тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби:*
*ХIалимат Каримова,*
*Ибрагьим Идрисов,*
*Асият Дибирова*

*Фотомухбир:*
*Насрудин Абужанатов*

*Набор: Меседо ХIайбаева*

*Верстка: Марьям АтавхIажиева,*
*Зайнаб ГIабдулмуслимова.*

*Типографиялъул адрес:*
*Хасавюрт шагьар, ООО*
*"Типография№4. ул. Мусаева 42*

*Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.*
*Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00.*
*Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.*

*Учредитель: Администрация*
*МР "Казбековский район"*
*Редакциялъул (издательствоялъул)*
*адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,*
*Индекс: 51354*
*Заказ №320 Тираж 1100*
*Багьа - 8 гъур.*

*Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД*
*19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*